

# ETAP POU SWIV LÈ GEN YON EPIZÒD OSWA KRIZ OPRESYON (LAS) KI RIVE NAN LEKÒL LA







## Premye Siy Avètisman

- Tous, lestomak fè mal, souf anlè
- Chanjman nan konpòtman: fatig ki pa abityèl, pa vle jwe, ajitasyon, difikilte pou dòmi
- Yon medikaman ekou/soulajman pou pran pa inalasyon pa bay soulajman
- Kontak ak eleman yo konnen/yo pa konnen ki deklanche kriz la ki lakòz sentòm yo

## Dènye Siy Avètisman ki endike yon Ijans

- Mis lestomak/kou ap travay di
- Difikilte pou respire
- Difikilte pou mache oswa pou pale
- Respirasyon pa amelyore oswa vin pi mal apre tretman an
- Po bouch/zong dwèt gen koulè gri oswa ble

## MEN SA POU FÈ

-  **1 SISPANN AKTIVITE A**  
Ede timoun nan pran yon pozisyon pou l rete DWAT Retire l bò kote eleman ki deklanche kriz la, si posib
-  **2 SWIV PLAN AKSYON POU OPRESYON (LAS) LA**  
oswa enstriksyon pwofesyonèl swen sante a pou itilize medikaman sekou/soulajman an
-  **3 GADE POU WÈ SI GEN AMELYORASYON**
-  **4 MAKE L NAN DOSYE MEDIKAMAN AN**
-  **5 KONTAKTE FANMI AN**
-  **6 SIVEYE DÈNYE SIY AVÈTISMAN YO**

## RELE 911 IMEDYATMAN

- 1** Swiv direktiv ki make nan seksyon **Men sa Pou Fè** a ki liste anlè a
- 2** Siveye timoun nan jiskaske gen èd ki rive

**\*\*PA JANM KITE YON TIMOUN KI GEN SENTÒM OPRESYON (LAS) POUKONT LI\*\***

*Adaptasyon sa a fèt avèk pèmision ki soti nan yon zouti Kowalisyon sou Opresyon Pedyatrik/Adilt nan New Jersey (Pediatric/Adult Asthma Coalition of New Jersey)*

Enfòmasyon ki nan piblikasyon sa a pa fèt pou dyagnostike pwoblèm sante ni li pa fèt pou l ranplase konsèy medikal. Pou opresyon (las) oswa nenpòt pwoblèm medikal, chèche jwenn konsèy medikal nan men pwofesyonèl swen sante w la oswa nan men pwofesyonèl swen sante pitit ou.

Piblikasyon sa a jwenn sipò grasa Sibvansyon oswa Akò kowoperatif Nimewo, 5 UE1 EH000523-07, ki jwenn finansman nan men Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control and Prevention). Enfòmasyon ki ladann lan se responsabite esklizif otè yo e yo pa nesesèman reprezante pwennvi ofisyèl Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) oswa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services).

Revize: Mas 2016



**FLORIDA  
ASTHMA  
COALITION**